Маршо Радио

View the original article

КЕРЛАНАШ

# Полисхой бехкебина Дагестанехь стагана тӀехь ницкъбарна а, иза шена тӀе куьйгаш хьочу хьоле ваккхарна

Гезгмашин-бутт 23, 2026




Гайтаман сурт

Дагестанехь ши полисхо бехкевина тоьшаллашца харцо лелорна а, стагана тӀехь ницкъбарна а, иза шена тӀе куьйгаш хьочу хьоле ваккхарна а. Зазадокху-бутт бовш Буйнакскан кӀоштара Лахара Дженгутай цӀе йолчу эвлахь герз деттарца доьзна гӀуллакх ду и. ХӀетахь 31 шо долу оцу эвлара вахархо лецира, чоьхьарчу гӀуллакхийн министраллин белхахошна чевнаш йарна. Дукха хан йалале полици кхайкхинчу цхьана тешо ша шена тӀе куьйгаш даьхьнера. Кхин а ши де даьлча хеттарш динчул тӀаьхьа кхелхинера лаьцначун 79 шо долу гергара стаг а.

"Медиазонас" хаамбина оцу бехкзуламан гIуллакхах лаьцна. Теш а, цуьнан гергара стаг а валарх бIаьста йаздинера Йукъараллин тергамчийн комиссин хьалханчас Хадулаев Шемала. Амма тIаьхьо шен пост дIайаьккхира цо.

Журналисташна хIинца къаьстина, Талламан комитето охан-беттан 12-чохь гIуллакх схьаделлархь, шегарчу бакъонел тIех а вуьйлуш, тIехь ницкъбарца, стаг лечу хьоле валор, тоьшаллашца харцо лелор аьлла. Оцу гIуллакхца доьзна лаьцна ши полисхо- 27 шо долу Магомедов Сулейман а, 34 шо долу Расулов Iабдулла а.

- Стигалкъекъа-баттахь Дагестанера Хасав-Йуьрт гIалин кхело арахь йаккха хенаш кхайкхийра цхьана хенахь полисхой хиллачу Алиев Шемална а, Сайпулаев Рамзанна а. Наркотикашца доьзначу гIуллакхна бехкке хеташ лаьцна йалийна зудчунна тIехь ницкъ бинера цара. Цаьрца цхьана таIзар дина чоьхьарчу гIуллакхийн белхахочунна Ахмедова Майина а.
- Гезгамашин-баттахь Астраханера кхело меттигерчу вахархочунна, автоблогер волчу Магомеддибиров Магомеддибирна ши шо хан туьйхира колонихь даккха. Иза бехкевира гандболан тренерна Заикин Георгийна некъан бохам хиллачу заманчохь тоьхна аьлла. Кхеле ваьлларг ша Магомеддибиров вара, амма эххара а таIзар цунна дира.

**Керланаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю